ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№105 (23.013) • 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 4, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм щыхуэзащ Орёл областым и губернатор Потомский Вадим

Дыгъуасэ КIуэкIуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм щригъэблагъащ Орёл областым и губернатор Потомский Вадим. Ар мы зэманым лэжьыгъэ IуэхукIэ Кавказ Ищхъэрэм щыIэщ.

ЗэIуащIэм щытепсэльыхьащ лъэныкъуитIым яку дэлъ экономикэ зэдзэжьэныгъэм зегъэужьыныжьыкIэ хэкIыпIэхэм, ди зэпыщIэныгъэхэм зегъэубгъуным.

КъБР-м и Iэтащхьэм хьэщIэм фIыщIэ яхуищIащ ди республикэмрэ Орёл областымрэ я зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьыным зэрегугъум къыхэкIыу.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

● Зэпеуэхэр

Iуащхьэмахуэ лъапэм и курортым зегъэужьыным 2020 гъэм нэсыху сом мелардих трагъэкIуэдэну я мурадщ

Дыгъуасэ КIуэкIуэ Юрий иригъэкIуэкIащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэр зыхэта зэIуащIэ.

КъУРШХЭМ лыжэкIэ къыщыжыхьным дихьэххэм зыщагъэпсэху курортым зегъэужьыным псори зэхэту 2020 гъэм нэсыху сом мелардих хухахьнущ. АбыкIэ федеральнэ центрыр акъылэгъу хьащ. Дызэрыт илъэсым къриубыдэу Iуащхьэмахуэ кIапсэ гъуэгум и ещанэ Iыхьэр хьэзыр ящIынущ, уэс IэрыщIхэр зэрытракIуГэну Iэмэпсымэхэм я проектхэмрэ лыжэкIэ къыщажьых гъуэгухэр зэрагъэнэхун щыкIэмрэ яубзыхунущ, апхуэдэу туристхэм я зыгъэпсэхупIэхэм зрагъэубгъунущ.

«Дэ нэгъэсауэ къыдгуроIуэ къыптэщыт къалэнхэри, ахэр зэрыдгъэзэщIэну щыкIэри, - жиIащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэIуахам и генеральнэ директор Горячев Олег, - ауэ лэжьыгъэхэр тэмэму зэфIэгъэкIыныжьмкIэ Iэмалхэр ядзыхун хуейщ».

«Ди республикэр «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м сыт и лъэныкъуэкIи дэIэпыкъунущ, - къыхихгъэщхьэхуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэм, - ауэ лэжьыгъэхэр зэрызэкIэлъыкIуэну щыкIэр зэхэлъхьауэ, дэтхэнэ ухуэныгъэри зыщыныхэмрэ ахэр щауГIыпщыну зэманымрэ убзыхупхъэщ».

КъБР-м и Правительствэм и пщэ иралъхьащ зи чэзу дэтхэнэ Iуэхури и зэманым зэфIэгъэкIыныжьмкIэ жэуап зыхь лэжьакIуэ гуп «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м щыгъуэ къыззригъэпэщыну. Апхуэдэу КIуэкIуэ Юрий къигъэлъэгъащ Урысейм и щыналъэ нэхъ хьэлэмэт дыдэхэм ящыщ зым зегъэужьыным тегушхуауэ елэжьын папщIэ зыхуэфащэ хабзэ мардэхэр гъэхьэзырыпхъэу къызэрилъытэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

● Хъыбар гъуапэ

Адыгэхэри хэхыныгъэхэм хэтщ

Мы тхьэмахуэм, мэкъуауэгъуэм и 7-м, Тырку Меджлисым (Парламент) и хэхыныгъэхэр екIуэкIынущ. Абы хьыхьэну хуейуэ зыкъагъэлъагъуэ парт 31-м, Гъатхэпэм и 10-м щIидзэри хэхыныгъэм епха Iуэхугъэр иджыри къэс екIуэкIащ. Ди гупыр Истамбыл щыщыIа махуэхэм ди нэгу щIэкIащ а къэралым хэхыныгъэ Iуэхум зэрызыхуигъэхьэзырымрэ партым хэтхэм цIыхуэгъэ я лъэныкъуэ ящIын папщIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэмрэ.

КЪИЩЫНЭМЫЩIАУЭ, зы хьыбари къыздэтхащ. Меджлис хэхыныгъэхэм адыгэхэри хэтщ. Ди лъэпкъэгъу цIыхубз, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Тыркум щыIэ адыгэ бзылъхугъэхэм я Хасэм и гуащэ **Шурдым Гюнсел** ящыщщ депутат хъуну зызыгъэхьэзырхэм икIи абы папщIэ лэжьыгъэ куэд иригъэкIуэкIащ.

Зы пщыхьэщхьэ Истамбыл дыщызэбгъэдэсыну къытхуихуати, Гюнсел и Iэхэу елтыкIэр зэдгъэщIащ, адыгэ лъэпкъым къыбгъэдэкI лIыкIуэхэм Тырку Меджлисым щащIэну я мурадхэм тедгъэпсэльхьхьащ, хэхэс адыгэхэм я Iэхэу зыIутымрэ ахэр зыщIэхъуэпсэхэмрэ къытхуиIуэтащ.

- Дэ цIыхуиф дыхъуу дыхьхьащ хэхыныгъэхэм. Абы къищынэмыщIауэ, адыгэ 17 хуэдиз парт зэмылIэужьыгъуэхэм хэтщ. - къыздогушэ Гюнсел. - Тыркум адыгэ мелуани 4-5 и псоу дэ жьитIэ щхьэкIэ, къэралым кьилытэр мин 200 къудейщ. Апхуэдэущ къэралыгъуэм и тхыльым дызэритыр. Дэр-дэру хасэхэр къызэдгъэпэщыжауэ ди бзэр, ди хабзэр, щэнхабзэр зэрытхъумэжьыным куэд щIауэ иужь дитщ. Илъэси 150-м щIигъуащи, апхуэдэ Iэмал фIэкIа димыIэу ди адэжьхэм кьащIэна хъугъуэфIыгъуэ тIэкIур дохъумэ. Ауэ, нобэ Iэмалым зиубгъури, адыгэхэри хуиту Меджлисым хэхьэ АтIэ щхьэ къэдгъэсэбэп мыхъурэ ар?! Абы икIи иткIэ, Истамбыл, Къайсэр, Анкара, Самсун, Дюзджэ, Бурсэ, Эскишехир кьалэхэм къабгъэдэкIыу дыхьхьащ хэхыныгъэхэм. Сэ сызэрелъэпIыкIэ, ар икъукIэ сэбэп хуэнущ хэхэс тIэкIур дызэтезыIыгъэ адыгагъэр дымыгъэкIуэдыныжьмкIэ, мы къэралыгъуэм дызэрисыр властми цIыхубэмкIэ, ди хуитныгъэхэр нэхъ тыншу къыдэтхьнымкIэ.

Нэхъапэхэм партэхэм адыгэ щIалэхэр хэту щытащ, иджыри апхуэдэхэр щыIащ. Адыгэ Iэхъум щхьэкIэ зыгуэр яхуэзфIэкIауэ щымытми, ди гур иридгъэфIу диIэт ахэр. Иджы нэхъ зэрыIыгъэ утыку дыкъэхьащ ди макъыр зэхахмэ, ди гупысэр къедгъэщIэмэ тфIэигъуэ.

- Мыбы щыпсэу адыгэ мелуанитхуэ зыкъэзгъэ я адэжь хэкум щымыкIуэжьыфкIэ, я щхьэхуитныгъэр, я щIэныр зэрахъумэжьыфын хэкIыпIэ щыIэн хуейщ. Тыркум дис щхьэкIэ, хамэм дахэшыпсых хъунукъым, абы папщIэ сыт хуэдэ шхийми депхъуэн хуейуэ къысщохъу сэ. Дэ Тырку Республикэм и Президентми Меджлисми къагурыдгъэIуалхъэщ мыбы ис адыгэхэр илъэси 150-рэ и пэкIэ я хэку къызэрахъурэр, нобэ хэкужьыр Урысейм зэрыщыIэр, абы пыщIэныгъэ быдэ худиIэн зэрыхуейр, хэкум тыншу дыкIуэ-дыкъэкIуэжу зэрызэтедублапхъэр, дызыхэсхэм дазэрыхуэпэжыр, къэбгъэлъагъуэмэ, абыхэм дахэуэту Италиеми, Инджылызми, Франджыми дызэрезэуар, нэгъуэщI куэди ящIэжьи хуейуэ къысщохъу. Нэхъыщхьэраращи, «Хэкум дыкIуэжьи хуейщ», жьитIэкIэ дынэсыжьынукъым икIи тхуэзэпIэкIынукъым, ауэ пыщIэныгъэ худиIэныр Iэмал зимыIэщ.

Хасэм и закъуэкIэ ди Iуэху кIикIныжьыкIи, сабий гъэсапIэхэм, курыт школхэм щIэблэм ди бзэр, ди тхыдэр щамыджмэ. «Фи бзэкIэ фыспальэмэ, дынывэуэнущ», - егъэджакIуэхэм къыщыджаIэу щыта зэманыр блэкIащ, нобэ ди щхьэр къэтIэтыну, ди Iуэху дэдгъэкIыну, дызэрыадырэм дрипагэу, тхуэфащэм пщIэ къытхуащIу Тыркум дисыпхъэу къыдолъытэри, абы дытетыну аращ. Ахэр зэдгъэхъулIэн папщIэ программэ щхьэхуэхэри зэхэттхьащ».

Гъуэгу текIуэ тенэркъым, жеIэ адыгэм. Ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэмрэ абы и гъусэхэмрэ я мурадхэр кьайхьулIэну, пIэщIыгъуэхэм къыпхахауэ иджыри къыздэсым я гум щыблIэ адыгэ хъуэхэкIэ цIыкIур нэхушхуэ идзу къызэщIэблэну Тхьэм жиIэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Нобэ Кулиев Къайсын и фэеплъ махуэщ

* * *

Жысlэнкъым батэр мы дунейм
Щызгъэшу схьауэ, ауэ
Есхакъым зэи щIыхум лей,
Дэсхьакъым и жьэгу гуауэ.

И махуэр, жысIэу, кIыфI щысщIынщ, -
Къыхуэзмытlа зым мащэ.
Хьэлэлу сэ щысшхащ мы щIым
Си щIакхъуэ Iыхьэ мащIэр.

ИгъащIэм щIыхь къэзмыльхьуа.
Си дежкIэ нэхъ щIыхь лъапIэт
СыщIэтмэ ди къуршыжь щхьэ тхъуа
ПщIэ зиIэхэм я льапэ.

Мылъку щIыни си гум къэмыкIа.
Къулейт дапщэщи си псэр -
И нуркIэ дыгъэ къыщIэкIам,
Я IэфIкIэ ди къуршыпсхэм.

ПсалъэпцIыр зигу ирихьыр хэт? -
Щытакъым ар си щIасэу.
Жызыlэр пэжыр - и гум хунтщ,
Щхьэхунтуи мэусэ.

Си къуэш бгырысхэ, щымыта
ПцIы хэслъхьэу си уэрэдым.
Фи пащхьэм арщ сыщIимытар,
СыкIыгъэу напIэр къэслэтын, -
УсакIуэ гуэрхэм хуэдэу.

КУЛИЕВ Къайсын. *1972 гъэ*

● ФщIэн папщIэ

Каналхэм зэхъуэкIыныгъэ яIэнущ

Мэкъуауэгъуэм и 17-м щегъэжьауэ Терсколрэ Тегенеклирэ щыIэ телевизор передатчикхэм зихъуэжауэ лэжьэнущ. Абы къыхэкIыу, республикэм и цIыхухэм я телевизор приемникхэр щIэрыщIэу трауихуэжьын хуейщ. ЗэхъуэкIыныгъэхэр зиIэнур «НТВ», «Петербург - 5 канал» телеканалхэрщ.

ЗЭХЪУЭКIЫНЫГЪЭХЭМ кьару ягъуэт щыпльэм тет, бжыгъэкIэ лажьэ радиослужбэм и радиосвязыр теухэуэным екъуалIауэ екIуэкIа щыналъэ конференцым («Женева - 06») къыщащта унафэхэм япкъ иткIэ. Абы зэрыщыжаламкIэ, апхуэдэ телепередатчикхэр щылажьэнхэр гъунэгъу къэралхэм бжыгъэкIэ щылажьэ телесигналхэм зэран яхуэмыхьумэщ.

УФ-м и гъунапкъэ гъунэгъуэм урысейпсо каналхэр хуиту щолажьэ, бжыгъэкIэ зекIуэ эфир телевиденэм и япэ мультиплексым хэту.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 4, *махуэку*

♦Бийр къащытеуам хэкIуэда сабийхэм я дунейпсо махуэщ

♦Ингуш Республикэр къыщыззрагъэпэща махуэщ

♦Къэзахстан Республикэм и къэрал дамыгъэхэм я махуэщ

♦Эстонием щагъэлъапIэ я къэрал ныпым и махуэр

♦Финляндием зыхъыжьныжьмкIэ и къарухэм я махуэщ

♦Молдавием и банк лэжьакIуэм и махуэщ

♦1800 гъэм Вашингтон дэт Унэ Хужьыр ухуэныр яухащ.

♦1897 гъэм ухуэн щIадзащ «Аврора» кхъухь цIэрыIуэр.

♦1856 гъэм Третьяковскэ галереер къызэIуахащ.

♦1922 гъэм «Крокодил» журналым и япэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытехьащ.

♦1943 гъэм Налшык щекIуэкIащ фашистхэм я бийуэ республикэм и цIыхубзхэм къызэрагъэпэща пэкIур.

♦Хоккеист, СССР-м щIыхь зиIэ и тренер, зи унафэщIу щыта ЦСКА командэм хэту Совет Союзым 12-рэ и чемпион, щэнейрэ Олимп, 8-рэ дунейпсо чемпион хъуа **Тихонов Виктор** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 5, *мэрем*

♦ Дыкъэзыуихъуреихь щыиуэпсыр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и экологым и махуэщ

♦Дание пащтыхьыгъуэм и конституцэм и махуэщ

♦1706 гъэм Москва къыщызэIуахащ дзэ сымаджэщ (иджы - Бурденкэ Н. Н. и цIэр зезыхьэ дзэ клиникэ-госпиталь нэхъыщхьэрщ).

♦1945 гъэм Германиер зэрыхагъэщIамкIэ икIи СССР-м, США-м, Инджылызым, Франджым я правительствэхэм Германием и власть нэхъыщхьэм я пэщыр жиIащ. Ди Парламентыр абы лъандэрэ гъэ кьэс хэтщ а Iуэхум. БлэкIа илъэсхэм кьриубыдэу урысейпсо зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цIыху 12 къыщыхэжаныкIащ, 4-м япэ увыпIэр къахьащ, 3-м етIуанэ увыпIэр кьыхуагъэфэщащ, ныбжьыщIэ 81-м лауреат зэрыхъуамкIэ щыIухь тхыльхэр къратащ.

Зэхьэзэхуэр Iыхьищу зэхэтщ. Республикэ (япэ) Iыхьэр езыгъэкIуэкIыр КъБР-м и Парламентращ. Абы хэтщ школакIуэхэр, студентхэр, аспирантхэр, щIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

«Си гуапэу къыхьызогъэщ щIалэгъуалэм мы зэпеуэр зэралэщIэмыужагъуэр. Ди щIэблэм лъэпощхьэпохэр зэралъагъур, ахэр гъэзэкIуэжа хъунымкIэ хэкIыпIэхэр къызэрыхалъхьэфыр гуапэщ. Хэта псоми фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ хабзэубзыку Iуэхум зэрыдихьэхьэм щхьэкIэ. ЦIыху 12-м пашэныгъэ къахьащ. КIыщынэмыщIауэ, лэжьыгъи 8 едгъэхьащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм. Урысейпсо Iыхьэр 2015 гъэм накъыгъэм и 22-м иухащ. Абы кьрикIуахэр дызыщымыгугъащ. Тлэжьыгъи 8 едгъэхьам яцыщу 7-р нэхъыфIу къальытахэм хыхьащ. Къэбгъэлъагъуэкъалэнхэр зэрагъэзэщIэнумкIэ декларацэм Iэ традзащ.

♦1967 гъэм щидзащ Махуих зауэм - Израилыр Мисырым, Иорданием, Сириеем ятеуат.

♦Америкэм щыщ киноактрисэ цIэрыIуэ, саугъэт куэдым я лауреат, псапащIэ **Джоли Анджолинэ** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 5, *мэрем*

♦ Дыкъэзыуихъуреихь щыиуэпсыр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и экологым и махуэщ

♦Дание пащтыхьыгъуэм и конституцэм и махуэщ

♦1706 гъэм Москва къыщызэIуахащ дзэ сымаджэщ (иджы - Бурденкэ Н. Н. и цIэр зезыхьэ дзэ клиникэ-госпиталь нэхъыщхьэрщ).

♦1945 гъэм Германиер зэрыхагъэщIамкIэ икIи СССР-м, США-м, Инджылызым, Франджым я правительствэхэм Германием и власть нэхъыщхьэм я профессор, телевиденэм «ЩIалэ, хъыджэбз губзыгъэ цIыкIуэхэр» нэтын щIэрыIуэр щезыгъэкIуэкI **Вяземский Юрий** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс еджагъэшхуэ, мэкъумэщ щIэныгъэхэм я доктор **Мамбэт Мурадин** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ФиIэпщэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

♦Урысей фигуристкэ, Олимп Джэгухэм я чемпионкэ **Липницкая Юлие** и ныбжьыр илъэс 17 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэ уэшх, уафэгъуэгъуэ щIэту, къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 18 - 21-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Зы къэрабгъэм дзэ псор егъэкIуэд.

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ щIыным кьрикIуахэм я Iэхуку IэКъэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ щIыным кьрикIуахэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щымрэ мылъкумрэ я IэхухэмкIэ и министр Быышэн А. А. ищIа докладым едалъэри тепсэльыхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. 2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ щIыным кьрикIуахэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щымрэ мылъкумрэ я IэхухэмкIэ и министр **Быышэн А. А.** ищIа докладыр къэлъытэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм чэнджащ етын 2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ щIыныжьмкIэ программэр мэзэсауэ гъэзэщIэныжьмкIэ зыхуэфащэ Iуэхухэр зэфIигъэкIыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм накьыгъэм и 28-м
№253-П-П

Фи нэпс къыщIэкIыну дыхуейкъым

● Гъуэгу къежьапIэ

КЪР-м и Парламентым и депутатхэр хэтащ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм иращIэкIа Iуэхугъуэхэм. Депутатхэмрэ КЪР-м и Парламентым и Щалэгъуалэ палатэмрэ хабзэ яхуэхъуащ псапащIэ концертхэр къызэгъэпэщыныр, мылъкукIэ дэIэпыкъуэгъу хъуныр, сабийхэм яIущIэныр.

МЫ ГЪЭМИ депутатхэр хущIокъуащ сабийхэм я махуэр гукъинэж зэращыным. Мэкъуауэгъэм и 1-м депутатхэр кIуащ цIыкIухэр щаIыгъ Iуэхущапи Iэ хэхахэм. КЪР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ** я гъусэу депутат гуп щыIащ балигъыпIэ имыувахэр здэщыIэ «Нэмыс» республикэ центрым. Парламентым и Унафэщым абы и гъэсэнхэм яжриIащ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэр мыхьэнэ нэхъ ин дыдэ зиIэ махуэшхуэхэм зэращыщыр, илъэс 65-рэ хъуауэ ар дунейм и къэрал 30-м зэрыщагъэлъапIэр.

- Сабиймрэ сабиигъуэмрэ нэхъ лъапIэ щыIэкъым. КЪР-м и Парламентым и депутатхэм къабгъэдэкIыу сыхуейщ сынывэхъуэхъуну гъащIэ насыпыбзэ фIэIэну, гугъуехьхэм, балигъхэм я щыуагъэхэм пэIэщIэ фыхъуну. Дэ дыхуейщ, фэ фы-къэзыухъуреихьхэр гуапэу, акъылыфIэу, зэпIэзэрыту щытыну, къыфхуэсакъыну, къывдэIэпыкъуну, гъащIэм къыщыхъу гущIэгъуншагъэм фыщахъумэну. Дыхуейкъым фи нэпс къыщIэкIыну, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

Илъэс зыбжанэ хуэдизкъым зыхихьыубыдэ къудамэм и Iэтащхьэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Дьяченко Лидие, политикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Ингуш къэрал университетым социологиемрэ политологиемкIэ и кафедрэм и унафэщI Сампиев ИсрэIи, Шэшэн Республикэм щIэныгъэхэмкIэ и Академиемрэ и Iэтащхэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Гапуров Шахудин, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым и ректорым и чэнджэщэгъу, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Койчуев Аскэрбий сымэ, щIыналъэ гъунэгъуэхэм къикIа къулыкъущIэхэр, КЪР-м ГъэлъэжанэгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэр.

ЩIэныгъэралажьхэхэм фIэхъускIэ захуигъаэри, КБИГИ-м и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Дзэмыхъ Къасболэт тепсэлъыхьащ ТекIуэныгъэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэ дыдэхэм, псом хуэмыдэу я Iуэхугъуэм щIыхубзэм хэкупсэ зэрахилъхьэм.

- Илъэс 70 ипэкIэ зэхэкIащ ди къэралыр къэкIуэну зэманым зыхуэдэнкIэ хъунур. ДощIэ абы уасэшхуэ ди япэ итахэм зэрыщIатар. Хэку зауэшхуэр лъыгъажэ дыдэт, мелуан бжыгъэкIэ щIыхуэ гъащIэхэр ихьауэ. Я нэхъыбэгъэ къытхэмытыжми, мы зэманым псэу ветеранхэр ди гулъытэрэ дэIэпыкъуныгъэрэ щыщIэ хъунукъым. Ди къалэнщ тхыдэм и пэжыр къыщIэдгъэщIжыну, дэфтэрхэр зэдгъэпэщажыну, ди адэжьхэм я фэеплъыр тхъумэну. Ар фIэкIыпIэнщIэщ, къэрал лъэщу дыкъэзыну дыхуеймэ, - захуигъэзащ конференцым хэтхэм Дзэмыхъым. - 1990 гъэхэм куэд зэрахъуэкIат, хъыбар пхэнжьхэмрэ тхыдэщIэхэмрэ тхылъхэм ихуат. Иджыпстуи схуэкIыIэнукъым нэгъэсауэ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм теухуауэ дэфтэр псори къэтхутэжауэ. УпщIэ куэд ди пащхьэ иджыри къоувэ. БлэкIам дыкIынащ, зыдмыужьыфу, ХьэкIуащэ Евгений и монографием и ужь, Хэку зауэпхуэм и тхыдэр илъэс Iэдэкъэ иджагъэкъым. Архив Iуэхущапи Iэми дыщыгугъырт Iуэхугъуэ нэхъ инхэм теухуауэ дэфтэр зэхуэхьэсахэр зэрыт тхылъхэр къыдигъэкIыну.

КБИГИ-м иджырей тхыдэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Тетуев Алим тепсэлъыхьащ институтым къыдигъэкIа «Книга памяти Кабардино-Балкарии» тхылъыщIэм. Абы жиIащ ар зэкIэ томи 3 зэрыхъур, 4-нэ Iыхьэр 2016 гъэм къыдагъэкIыну зэрамурадыр. Иужьрейм щыгъуазэ дищIанущ Май, ПIэрэдж, Дзэкэн, Аруан щIыналъэхэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэтахэм. КъыдэкIа лэжьыгъэр и бжыгъэкIэ 1000 мэхъу, апхуэдэуи ар электрон хьыпхъэ щIаIуи щыIэпи, интернетымкIэ щыгъуазэ зыщыщIыфынущ.

- ЩIащ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр зы цIыхум и закъуэ мыхъуу, лъэпкъ псом ахэр фэеплъ яхуэхъуу. Къэбэрдей-Балъкъэрым икIыу зауэ Iэнатlэм цIыху мин 60 хуэдиз Iухьат, абыхэм ящыщу мин 38-рэ 550-м я псэр Хэкум и щхьэхитныгъэм щIатащ. Абыхэм я лIыхъужьныгъэр уахътыншщ, - жиIащ Тетуев Алим. - «Книга памяти Кабардино-Балкарии» лэжьыгъэм ди унафэщI Дзэмыхъ Къасболэт и жэрдэмкIэ электрон тхылъи щIыдгъащ. Абы и лъэныкъуэкIэ ди Iуэхур къыдиIыгъащ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и щIыналъэ управленэм информатикэмкIэ и институтым. Сыт абы къыдитынур?! Нэхъыщхьэу унагъуэ къэс я Iыхьлыхьэ абы къыщагъуэтытынущ, щIэблэм я адэжь-лIыхъужьхэм я Iуэр ящIэу, абыхэм ирипагэу къигъэхъунущ. Тхылъым дыщелэжьым республикэм и щIыналъэхэми лэжьакIуэ гупхэр къыщызэдгъэпэщауэ щытащ, УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм и сайтхэри щIэгъэжъуэн къытхуэхъуащ. Псалъэм папщIэ, «Военнопленные» сайтым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ цIыху 820-м я щIэхэр къыщыдгъуэтыжащ. Арщхьэкlэ абдежым лэжьыгъэр къыщыбгъэувыIэ хъунукъым - иджари упщIэ куэд щIыIэщ Хэку зауэшхуэм ехьэлIа дэфтэрхэм теухуауэ. Абы къыжьIкIэ, ди институтым аджIэ щIэныгъэ хъэхутакIуэ лэжьыгъэхэр иригъэкIужкIынущ.

«Книга памяти Кабардино-Балкарии» тхылъыщIэр щызэбгращъхьауэ щытащ ди къэралыр. Ар зэрыщыту архив дафтэриу зэхэтщ. Iуащхьэмахуэ лъапэ, Къызбрун, Зеикъуэ, Кыщпэк, Курп лъагапIэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэми щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм къагъэлъэгъуэжу. Апхуэдэуи абы къыщыхьащ 115-нэ щуздэгъэ 1942 гъэм хуэзэу зэрыхъуу щытар. КъызэрафтамкIэ, щуузэр 4500-рэ хъуауэ щытащ, абы щыщу 2919-р адыгэт. Тетуев Алим игу къигъэкIыжащ Хэку зауэшхуэм хъыбарыншэу хэкIуэда зауэлIхэр къэзылъхьхьуэ гупым езыри яхэту 1965 гъэм зауэлI 11 Iуащхьэмахуэ лъапэ къызэрыщагъуэтыжар. Абы къыхигъэщащ апхуэдэ Iуэхугъэ щIэблэм щхьэх зэи яIэ зэрымыхъунур.

Конференцым хэта хьэщIэхэри утыкум къыщыпсэлъащ. Койчуев Аскэрбий и гугъу ищIащ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм къэрэшей лъэпкъым зэрихьа лIыхъужьныгъэм. Гапуров Шахудин къигъэлъэгъуащ шэшэнхэмрэ ингушхэмрэ ящыщу ТекIуэныгъэм телэжьахэм я гуащIэдэкIыр. Темыпсэлъыхьу къагъэнакъым балъкъэр, адрей лъэпкхэр Хэку зауэпхуэм и лъэхъэнэм я лъагэм зэрыгагъэкIами.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Ди нэхъыжьхэр

Сыт ТIыгIу зыпсыхьар?

Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран КъуэщIысокъуэ ТIыгIу Бэчмырзэ и къуэр къэзымыцIыхуурэ абы пщIэ хъуэхуэзымыщIрэ Къулъкъужьи Ипщэ къуажэм зэкIэлъыгъуейт. Ар куэдрэ щыплъэгъунут еджапIэхэм, Щэнхабзэмкlэ унэм, «Верхнекуркужинский» совхозым и гъавэ щIапIэхэм.

ЗЭХЭУЭ гуащIэхэм ящыщ зыр щекIуэкIа Курск къыщыщIидзэри Австриеми и къалащхьэ Венэ нэс кIуат ар. Игъуэнэжт абы игу кьиГъэкIыжьынрэ зытепсэлъыхьынрэ.

1943 гъэм и гъэмахуэм нэмыцэдзэр Орёл, Курск къалэхэм ебгъэрыкIуэу хуежьащ. «Тигр», «Фердинанд» танкэмрэ бомбэзехьэ кхъухьлъатэхэмкIэ зэщIэуэзэда фашистхэр апхуэдэу теуащ Къуэщ1ысокъуэ ТIыгIу зыихэт РГК-м и штурмовой инженер-сапёр 14-нэ гупым. Арщхьэкlэ бригадэм хэтхэр лIыгъэ яхэлъу бийм пащIэу ящIэуваащ. «Зауэр щекIуэкI губгъуэм техникэ минхэр щыпэкIут, абыхэм я ву макъым тхьэкIуэмэIупсыр Iуиуду. Автоматхэмрэ пулеметхэмрэ я лъалъэ макъымрэ Iугъуэмрэ зэхьихьэжати, жэщри махуэри пхуэзэхьжьыртэкъым», - игу кьиГъэкIыжьырт Къуэщ1ысокъуэм.

А зауэ гуащIэм ди зауэлIхэм кьанэ щымыIэу бийр щызэтракъутащ. Курск деж ТIыгIу щызэриха лIыгъэм пэкIуэу «За боевые заслуги» медалыр къыхуагъэфащащ. Курскрэ Белгородрэ я Iэгъуэблагъэм щекIуэкIа зауэм иужькIэ ар зыхэта гупыр Украинэм пхрыкIри, 1944 гъэм и гъатхэм Чехословакиеми и къэрал гъунапкъэм нэсащ.

Къуэщ1ысокъуэ ТIыгIу апхуэдэу хэтащ Румыниер нэмыцэ зэрыпхуэкIуэхэм къыщыIэщIахьыжьм, Венгриеми и къалащхьэ Будапешт хуит къыщащIыжьам, Венэ и ищхьэрэ лъэныкъуэр зыубыда бийр щызэтракъутэм.

Къуэщ1ысокъуэм кърихьэлIа зауэ гъуэгуанэм щIэзэльэгъуа хахуагъэр куэдым гъуазэ яхуэхъуащ. Абы кьыхуагъэфэща къэрал дамыгъэхэм къадэкIуэу Главнокомандующэ Нэхъыщхьэм къыбгъэдэкIа щIыхь тхьилъхьэмкIэ 16-рэ и цIэ ираIуащ.

Зауэ нэужьым, сэлэт фащэр щыхуну хунэмысу, ТIыгIу яхэуващ щыхьэ хозяйствэ зэхэкъутар зэфIэзэувэжьыным иужь ихьахэм. Къуэщ1ысокъуэм и лэжьыгъэ гъуэгуанэри псэмыблэжу кърихьэлIащ икIи «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр къратащ.

Сыт хуэдэ къалэн пщэрыльэ къыщащIами, пэжагъ ин хэлъу, езым хуэдэ адрей лэжьакIуэхэм щапхъэ трахыу къэгъуэгурыкIуащ зауэ хьэлъэм зи гъащIэр ипсыхьа Къуэщ1ысокъуэ ТIыгIу. ЗауэлI хахуэм, лэжьакIэ нэсым гъащIэри насып хъарзынэкIэ къыхуэупсэжащ: абы ипащ икIи гъуэгу тэмэм тригъэувэжащ быни 7.

БЭЧ Хьэлий.
Къулъкъужьи Ипщэ

Псыр зэвгъэзахуэ

Гьатхэм и япэ махуэ хуабэхэм къыщыщIедзэри, «Водоканал»-м щокIуэкI псы кьабзэри къагъэсэбэп псыри зэрызекIуэ жьы хъуа бжьамийхэр зэхъуэкIыныр. А Iуэхугъуэ щхьэпэхэм еувалIэр зыхуеину техникэ псомкIи кьызэгъэпэща Iэщ1агъэлI гупхэрщ.

МЫ махуэхэм лэжьыгъэхэм щыщIадзэ Налшык кьали абы и гъунэгъу жьлагъуэхэми. Псори зэхэту абыхэм щызэрахъуэкIынущ километрипщIым нэблагъэ бжьамий. А Iуэхугъуэхэм мы илъэсым сом мелуан 16,5-рэ хухахащ.

Загъэпэщижныгъэ хуэзныгъэ лэжьыгъэхэр щекIуэкIынущ псыр щытхъумэ, ар кьыщыщIэтш щыпIэхэми. Жэуаплынныгъэшхуэ зыпылъ Iуэхухэри ди лэжьакIуэхэрщ зэфIэзыгъэкIынур.

БЕКЪАЛДЫ Анатолэ,
УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт.

Пхъэнкlий идзыпIэу щытам жыгыщIэхэр щыхасэ

Аруан къуажэм пэмыжьыжьу щыIа пхъэнкIий идзыпIэмкIэ гугъу иримыгъэхь Iэгъуэблагъэм итакъым. МафIэ щIадзэу ар щагъэскIэ, мэр ихъурей-гьым щызэбгрихырт, щыхум къатехьэлъапэу. Илъэс кIуам апхуэдэ щытыкIэ гугъур ягъэзэкIуэжащ.

АРУАН щIыналъэмрэ Налшык къалэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм я кьарукIэ, кIэрыхубжьэрыху зэхуэхьэсыпIэр зэрыщыту Iуагъэзэкъэбзыкlри щIыр зэтеущIыжащ. Пасэу зэрытраухуам тету, а щIыпIэм дэж мы махуэхэм жыгыщIэхэр щыхасащ. Абы папщIэ къызэрагъэпэща щэбэт щIыкъэхум хэтащ КЪР-м ЩIыуэпсым и хъуэгъуэфIыгъэхэмрэ экологиемкIэ министерствэмрэ Аруан щIыналъэ администрацэмрэ я лэжьакIуэхэр.

ПхъэнкlиидзыпIэжьу илъэс куэдкIэ щыта, щIыпIэм щыщу 1 гектарым жыгыу 800 щыхасащ. КъызэгъэпэщакIуэхэм къадэIэпыкъуащ Аруан къуажэдэсхэм ящыщ куэд.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Аруан щIыналъэ

Щапхъэмрэ фыщIэмрэ

Бэрбэч Iуатlуу и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ и институтым и жэрдэмкIэ гъэсакIуэхэм я республикэм зэпсо семинар Къэхъун дэт «Ашэмэз» сабий садым щекIуэкIащ.

ЗИ ШКОЛ кIуэгъуэ нэмысахэм ядэлэжьэныкIэ ди республикэм и Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм аттестацIэ Iуэхугъуэхэр щекIуэныкIынымкIэ КЪР-м и къэпщытакIуэ гупым, щIыналъэ администрацэм я лIыкIуэхэр зыхэта зэIущIэм щагъэлъэгъуащ цIыкIуэм я акъылым зезыгъэужь хореографие. Апхуэдэу лъэпкъ къафэхэр ягъэзэщIащ, гушыIэ тепльэгъуэхэмкIи я нэгу зрагъэужьащ.

КъыхэгъэпэщакIуэхэм ирагъэпэгъуа псори сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэ зытрахым хуэдэу кьалъытащ икIи фыщIэ ин хуащIащ зи лэжьыгъэм псэмыблэжу бгъэдэт гъэсакIуэхэу Бэрэгъун Анжелэ, Такъ Светланэ сымэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ Урысей МВД-м и къудамэр кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 80 ирокъу

АЩХЪУЭТ Аслъэн:

«Сабийхэр гъэсэныр дэтхэнэ адэ-анэми я къалэнщ»

***1935 гъэм накъыгъэм и 31-м СССР-м и Цыхубэ комиссархэм я Советым унафэ кьищтащ адэ-анэм я жьауэм щIэмытыж сабийхэмрэ кIэлъыплъныныгъэншэхэмрэ щымыгъэIэным теухуауэ. Абы ипкъ иткIэ милицэм хьыхьэу гуп щхьэхуэхэр кьызэрагъэпэщащ, балигъ мыхъуахэм щIэпхъэджагъэхэр емыгъэлэжьыным пыщIа гугъуехьхэр зэфIэзыхьыну лэжьакIуэхэр ягъэуващ. Ар Урысей МВД-м балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ и Iэнатlэхэр кьыщызрагъэпэща махуэу ягъэуващ.*

Абы льэндэхэ илъэс 80 дэкIами, иджырей полицэм балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ и Iэнатlэхэм я къалэнхэр апхуэдэуи кьонэж - сабийхэмрэ балигъ мыхъуахэмрэ хабзэр кьызэпемыгъэудын, балигъыпIэм нэмысахэм я хуитныныгъэхэмрэ законым ипкъ иткIэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хъумэн, сабий кlэлъыплъныныгъэншэхэмрэ кlэрыуТIыщIэхэмрэ щымыгъэIэным ебэнын.

КЪР-м щыIа МВД-м балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ и Iэнатlэхэм я лэжьыгъэм теухуауэ къыддэгугъащащ министерствэм участковэ инспекторхэмрэ балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ Iэнатlэхэмрэ я лэжьыгъэр кьызэгъэпэщынымкlэ и къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ полицэм и полковник Ащхъуэт Аслъэн.

- Аслъэн, сыт хуэдэ ехъулIэныгъэхэр фиIэу Iэнатlэр ирихьэлIа вгъэлъапIэ махуэшхуэм.

- Иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм, республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ инспекторэ 111-м кьулыкъу щрахьэкI. Ахэр зи Iэщ1агъэм, лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI, щIыхь зезыхьэ лэжьакIуэхэр щащхьэщыкIыну. Хэхауэ утепсэлъыхьмэ, кьызэгъэщIэхъэщ 2014 гъэм къэдгъэсэбэпа Iэмалхэм япкъ иткIэ балигъ мыхъуахэм е ахэр хэту ялэжь щIэпхъэджагъэхэр процент 27-кIэ гъэмэщIэныр кьызэрыдэхьулIар.

- Уэзрепльымкlэ, балигъ мыхъуахэр сыт щIэпхъэджагъэ лэжьыным хуэзышIэр?

- ЩхьэусыгуэхэР зэмылIэужьыгъуэщ, ауэ нэхъыщхьэр - «унагъуэ хуэмыщIа» жыхуэтIэхэм абыхэм гъэсэныгъэ тэмэм зэрыщамыгъэузырыщ, адэ-анэхэм хуэфащэ гулъытэ кьызэрыхуамыщIырщ.

Сабийхэр жэщ-махуэкIэ, зэрыжьэIащи, я щхьэ закъуэ я лъакъуитIу дэтмэ, адэ-анэхэм ар зэдэщыIэр, зэманыр зыдирЬакIуэр, къэзыхъуэрихьхэр ямыщIэмэ - ущIэпIейтеин щхьэусыгъуэщ.

- Хабзэр кьызэпызыуд, адэ-анэхэр щыIымыгъуу уэрамым, абы жэщ зэманри хьыхьэу, дэтхэр къыщIэгъэщынымкIэ Iуэхугъуэхэр евгъэкIуэкIрэ?

- Илъэсыр кьызэрихьэрэ щIыпIэ администрацэхэм, аджапIэ IуэхущапIэхэм я лIыкIуэхэм ящIыгъуу рейд 460-м щигъу едгъэкIуэкIащ. Абыхэм ящыщ ирикIуэхэмкIэ хабзэр кьызэпызыуда балигъ мыхъуахэу 100 учетым дгъэуващ, сабий 11 школхэм еджэным щыпащэну дгъэкIуэкащ.

Кьыхэзгъэщыну сыхуейт зи гугъу тщIы унэтIыныгъэм теухуауэ еджапIэхэм ящIыгъуу едгъэкIуэкI лэжьыгъэр. Школ егъэджакIуэхэм, социальнэ педагогхэм щIэ я еджакIуэ дэтхэнэми и гугъуехьхэмрэ зыхуэныкъуэхэмрэ. Сабийр «дзыхьщIыгъуэджэ гупым» зэрыщыщыр яльагъымэ, хъыбар дагъащIэри ПДН-м и инспекторхэм унагъуэм ixэжьыгъэ хэха драгъэкIуэкI.

- Сабийхэр гъэсэным хуэфащэ гулъытэ хуэзымыщIа адэ-анэхэм сыт хуэдэ жэуап яхьрэ?

- Сабийхэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ гъэсэнымрэ дэтхэнэ адэ-анэми и къалэнщ. Иджырей законодательствэм ипкъ иткIэ адэ-анэхэр я абыхэм я пIэм ит цIыхухэу, а къалэнхэр зымыгъэзащIэхэр административнэ жэуапым ирашэлIэфынущ, хабзэр етIуанэу кьызэхуадмэ, сыхьэти 120-кIэ яубыдыным нэсу.

- Балигъ мыхъуахэм щIэпхъэджагъэ ялэжьыныр кьызэпыудыным ехьэлIауэ сыт хуэдэ Iэмалхэр кьэвгъэсэбэпрэ?

- 2015 гъэр кьызэрихьэрэ республикэм и еГъэджэныгъэ Iуэхущапи Iэхэм зэпеуэрэ викторинэу 25-рэ щедгъэкIуэкIащ. Ахэр хуэунэтIащ кьытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу къэгъэтэджыным, я хуитныныгъэхэм щыгъэгъуэзэным. Абыхэм я фIэщыгъэщIэхэу «Хабзэм и уэркъэр», «ЛIыгъэм и дерсхэр», «Унагъуэ узынщIэ», «Дунейр наркотикынщIэу» жыхуиIэхэр си гугъэмкIэ КЪР-м щыIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и школакIуэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ я тхьэкIумэм итщ.

- Аслъэн, фи махуэшхуэм теухуауэ фи лэжьакIуэхэм сыткIэ захуэбгъэзэнт?

- Си лэжьэгъуэхэм защыхуэзгъэзэкIэ сыхуейт КЪР-м щыIэ МВД-м балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ и Iэнатlэхэм махуэ къэс зэфIах лэжьыгъэ мытынышм папщIэ фIыщIэ яхуэсщIыну. Я щхьэкIэ, лэжьыгъэкIэ екъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэну, я нагъуэхэм зэIуэзэпщыгъэ ильыну, я благъэхэмрэ Iыхьлыхьэмрэ узынщагъэ быдэ яIэну си гуапэщ.

УАРДЭ Жантинэ.

● Ди нэхъыжьхэр

Гу щабэхэр

Никъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъ сабийхэм я адэ-анэхэм я «Гу щабэхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм «Семицветик» центрым екIуалIэ сабийхэм узынщагъэм ехьэлIа дерсхэр драгъэкIуэкIащ.

АР ЗЭХАУБЛАЩ психологие щIэныгъэхэм я кандидат, акмеологие щIэныгъэхэмкIэ дунейпсо академием и членкорреспондент, Къэбэрдей-Балъкъэрым Бизнесымкlэ и институтым и ректорым и чэнджэщэгъу Сабаншы Ритэ эи унафэщI психологиемкIэ «Инсайт» центрым игъэхьэзыра проектым иткIэ иткIэ. Сабийхэм ядэлэжьащ студентхэу Балэ Гретэ, БатIитIэ Зульфия, Мыд Мурат, Кулиев Миланэ, Бэрбэч Лианэ, Умар Аленэ сымэ. ЦIыкIухэм зэрадэлэжьа программэр Iыхьэ зыбжанэу зэхэтащ: джэгукIэ зэмылIэужьыгъэхэр, зэпеуэхэр, къуажэхьхэр. Студентхэм япэ дакъикъэхэм щIыщIэдзаурэ сабийхэр кьызэрыдахьхэар нэрылъагъуу Iуэхур нэжэгужэу екIуэкIащ.

«Семицветик» центрым и гъэсэнхэм сурэтхэр ирагъэщIащ, усэхэм къыгъэджащ. Зэпеуэхэм щыгъэкIуэхэм саугъэтхэр ирагащ.

Мы Iуэхур егъэкIуэкIыжьыну къыдалIыгъащ автотранспортымрэ гъэхуэгъэ хозяйствэмрэ я лэжьакIуэхэм я профсоюзым, «Урысейм и адвокатхэр - хуитныныгъэм и гъунапкъэхэр» организацэр. Акцэр хуэунэтIат сабий ныкъуэдыкъуэхэм я акъылым зегъэужьыным, цIыхубэ гъащIэм ахэр хэшэным, щIэныгъэ ябгъэдэлъхьэным.

ЖАНХЪУЭЖ Зузэ.

Сабийхэр щыгъуазэ ящI

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу полицейхэм псапащIэ, щыгъэгъуэзэныгъэ Iуэхугъуэхэр ирагъэкIуэкIащ. Урысей МВД-м и къудамэу Шэджэм районым щыIэм и Къэрал автоинспекцэмрэ балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ и Iэнатlэмрэ я лэжьакIуэхэр щыIащ зеинщэу. хуэмыщIа унагъуэхэм кьахэкIа сабийуэ 100-м щIигъу щеджэ, щыпсэу Нартан дэт еджапIэ-интернатым.

ПОЛИЦЕЙХЭМ ныбжьыщIэхэм гурагъэ-

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Къэрал Думэ

Сыт и щхьэусыгъуэр?

И пІалъэр къэмысу Къэрал Думэм хэхыным теуХуауэ къыхалъхьам куэд иросонгдэжэр.

2016 ГЪЭМ екІуэкІыну думэ хэхыныгъэхэр дыгъэгъаззм кьарахыу фокІадэм кьагъэІэпхъуэну къыхалъхьар даІыгъакІэщ къуплькъущІэшхуэ куэдым. Абы щэч къытрыуигъэхьэркьым: мы Іуэхур ищхъэ дыдэм къыщежьащ. Пэжщ, апхуэдэ гупсысэр пхагъэкІын папщІэ Къэрал Думэм гурыІуэн хуейщ езыр-езыру зэбгрыкІыжьыну. Депутатхэр абы тыншу арэзы тетхъэунукъым.

Тегъэщ1апІэ ящІым лъабжьэ гуэри иІэу плъагъуркъым. Палатэм и спикер Нарышкин Сергей жеІэ: «Бжьыкъэм Къэрал Думэм кьещІэ нэхъ мыкъэнэщхэ дыдэ зиІэ законхэм ящІыщ зыр - къыкІэтлъыкІуэ гъэмрэ кьапэщыт илъэсищымрэ ятещІыхьа бюджетым теуХуа законыр. Ар ГъэззщІа зэрыхъумкІэ жэуап зыхьын хуейр зэхуэсыгъуэщІэм и депутатхэрщ.»

Сыт атІэ? Илъэс тІощІ хьауэ бюджетыр къэзыщтэр текІ Думэрщ, ауэ ар зыкІи зэран хэзыуакъым абы и фІагъым. Хабгъэзыхьмэ, хэхыныгъэхэр къыкІэрагъэІэпхъуэм кьокІ мыхьэнэ ин дыдэ зиІэ а Іуэхур абыхэм я парламент лэжьыгъэм щІэдзапІэ хуэхъуну. Ахэр абы пэлъэщын папщІэ я Парламентыр зэрыщытауэ къэнэжьи, ар Президентымрэ Правительствэмрэ я жыІэм псалъэмакъыншэу щІэувэн хуейщ. ИтІанэ депутатхэр кьыхуащІ унафэм фІэкІыныкъым.

Хэхыныгъэхэр кьагъэІэпхъуэну ягу кьэзыгъэкІари, а мурадыр арауэ ящІэкІынущ. Ар зэрызрагъэхъулІэфыну Іэмалхэри гурыІуэгъэущ: япэрауэ, Іэ зыІэтхэм я бжьигъэр игъэмащІэнурэ, хьэрэмыгъэ зэрахьэныр нэхъ тынш хъунущ, етІуанэрауэ, оппозицэм и дежкІэ нэхъ гугъу хъунущ хэхыныгъэхэм зыхуигъэхьэзырыну: зэманыр ирихьэлІэнущ гъэмахуэ зыгъэпсэкуГъуэхэм.

Хабзэкіэ убгъэдыхьэмэ, Іэхур мыпхуэдэу кьыщІедз: «Іэ щІэтт махуэр зыуэ щытмэ» - фокІадэм и етІуанэ тхьэмахуэ махуэм ирагъэкІуэкІ щыналъэ, щІыпІэ хэхныгъэхэм иращІылІэ дыгъэгъаззм щыІэн хуей дмуэ хэхыныгъэхэри. Арщхьэкіэ апхуэдэ пхуэзфІэкІынукъым хуейм федеральнэ законыр зэпхъуэкІ кьудейкІэ (иджырей депутатхэм я дежкІэ ар гугъуськым). ЗэрахъуэкІын хуейщ Конституцэм и 96-нэ статьяуэ Къэрал Думэм и полномочиехэр зэрыхъумкІэ жэуап зыхьын хуейр зэхуэсыгъуэщІэм и депутатхэрщ.»

Сыт атІэ? Илъэс тІощІ хьауэ бюджетыр къэзыщтэр текІ Думэрщ, ауэ ар зыкІи зэран хэзыуакъым абы и фІагъым. Хабгъэзыхьмэ, хэхыныгъэхэр къыкІэрагъэІэпхъуэм кьокІ мыхьэнэ ин дыдэ зиІэ а Іуэхур абыхэм я парламент лэжьыгъэм щІэдзапІэ хуэхъуну. Ахэр абы пэлъэщын папщІэ я Парламентыр зэрыщытауэ къэнэжьи, ар Президентымрэ Правительствэмрэ я жыІэм псалъэмакъыншэу щІэувэн хуейщ. ИтІанэ депутатхэр кьыхуащІ унафэм фІэкІыныкъым.

Хэхыныгъэхэр кьагъэІэпхъуэну ягу кьэзыгъэкІари, а мурадыр арауэ яхуиджырей Думэм илъэси 4-рэ мазибгъурэ хуагъэувауэ кьыкІэлъыкІуэ зэхуэсыгъуэхэм я полномочиехэм илъэситхур кьыхуагъэнэну. ЕтІуанэ Іэмалым бгъэдыхьэкІитІ хуейщ: Парламентыр Президентым зэбгрырегъэкІ е езы Думэр токІ. Конституцэм и 111-нэ, 117-нэ статьяхэм япкъ иткІэ, Къэрал Думэр зэбгриутІыпщыкІыжьыфынущ мыпхуэдэ щыкІэкІэ: апэрауэ, абы Правительствэр тергъэкІ, премьер-министрым и кандидатурэр кьыжьгъэкІ ещанэрауэ, ауэ Къэрал Думэм щэнейрэ ар идэрхьым; етІуанэрауэ, мазищым хуриубыдэу Думэм тІэунейрэ жеІэ Правительствэм дзыхь зэрыхуимыщІыр, ауэ Президентым Правительствэр кьыжьгъэкІ е Парламентым зэбгрегъэкІ; ещанэрауэ, Правительствэм Къэрал Думэм и пащхьэм кьыщІэт дзыхь кьызэрыхуащІым и Іуэхур, ауэ мыдрейр абы и телъхьэу кьызэрымыуВам кьызэкІыу Парламентыр тергъэкІ.

А щым яныхъэрэ къэхъункІэ хъунущ. ИтІанэ Путин Владимир Правительствэр тригъэкІыфынущ абы и унафэщІ Медведев Дмитрий и гъуэсу.

Езы Думэри зэбгрыкІыжьынкІэ хъунущ, абы и депутатхэм я зэхуэдитІым щІигъум мандатхэр ягъэтІыльмэ. Ауэ ахэр парт спискхэмкІэ хахащи, щІыпІэ-щІыпІэхэм гугъуехьэр кьыщыкъуэкІынкІэ хъунущ.

ВИШНЕВСКИЙ Борис.
«Новая газета»

«ЩІэблэщІэ гвардием» и пэжыпІэр

● Тхыдэ

***Иджыблагъэ Ямпэ канальмкІэ къагъэлъэгъуащ «ЩІэблэщІэ гвардие» сериалыр. Ар Фадеев Александр и роман цІэрыІуэм траха ямпэ фильмрах ъым. Иджы авторхэм къалэну зыхуагъэувыжащ Краснодон фашистхэм щапэщІэта ныбжьыщІэхэм ятеухуауэ пэжыр зэфІагъэувэжыну. Псом ямпэу къыдагъащІэ гупым и комиссар нэсу Третьякевич Виктор зэрыщытар. Абы и цІэм иджыри куэд щыгъуазэкъым - Фадеев Александр и роман цІэрыІуэми, ар и лъабжьэу Герасимов Сергей 1948 гъэм триха фильмым ар кьызэрыщыгъэлъэгъуар Кошевой Олег комиссару щытауэщ.**

Третьякевич теухуауэ къахуэщІэжыр апхуэдэ унэцІэ зезыхьэ епцІыжакІуэ гупым зэрахэтащ. Ауэ ар 1960 гъэм хей ящІыжащ. Ямпэ канальм къыщагъэпэгъуэ ІэмкІэ-гъэм зэфІегъэувэж ныбжьыщІэхэм я гъусэу зэкІуэда, ауэ пцІы зытралъхьа щІалэм и фэеплъ хъущ.

Третьякевич Виктор епцІыжакІуэу зэрыщымытам ямпэу тетхьихьар «Комсомольская правда»-ращ. Ди газетыр илъэс 90 щрикъу илъэсым дэ ар диг ъкъыдогъэкІыж.

Ущымыуэнкіэ Іэмал иІэтэкъым

Дэ дыззрысабийрэ фІыуэ тлъагъу роман гъуэзэджэм пцІы куэд ущрохьэлІэ. А зэманым арыншауэ хъунутэкъым: гупым хэтхэр 1943 гъэм ящІащ, тхьилъэ 1946 гъэм къыдэкІащ. Мыхьэнэшхуэ иІэт лІыхъужь хьуа дыгъуасэрей школакІуэ хэкІуэдахэм я хьыбар щыхуэхэм я деж нэхъ псынщІэІуэу нэгъэсыным. Фадеев Александр езыри пІащІэрт, ар игъэпІащІэрт ЦК-ми. ТхакІуэм щыгъуазэ зищІат зыпкърыупщІыха полицейхэмрэ гъэру яубыда нэмыщІэхэмрэ жаІахэр зэрыт протоколхэм. Ауэ абыхэм яхэтт пэж жызымыІэхэри. ЕтІуанэ къыдэкІыгъэм кьиухутащ епцІыжакІуэ Стаховичыр гуэр - ар, дауи, Третьякевич Виктору кьалъытащ.

«ЩІэблэщІэ гвардием» хэтхэм я Іыхьлыхэм яхуитха письмом Фадеевым щагуригъэІуащ: «Си романым и лІыхъужьхэм я щІэ-унэцІэхэр пэжми, сэ кьестхэкІар абыхэм я кьэкІуэкІыкІэ дыдэм и пэжыпІэракъым. Абы хэтщ къэзгупсысахэр. Художественнэ произведенэм апхуэдэ хуитыныгъэ хъуэт».

Комсомолец-епцІыжакІуэр романым хэзагъэркъым. Ямпэ къыдэкІыгъуэм ар хэтыхакъым. Ауэ етІуанэ къыдэкІыгъуэм Стахович къыхэутащ. Дауи, ахьлъытэрт ар Третьякевичу.

Иджы фи нэгу къыщІэвгъэхьэт адрейхэм я гъусэу псэууэ щІатІа Третьякевич и Іыхьылхэр Краснодон зэрыщыпсэуэр. Адрей игъусахэр лІыхъужь хъуащ, езыр епцІыжакІуэу ягъэуващ. Третьякевич и анэр и къуэм и къэащхьэм щахуу кІуэрт.

АдэнэпІэсым къигъэдэІуат

Хэку зауэшхуэм орденыбгъэу къикІыжьа журналист Костенкэ Ким Хрущев и ЗЭманым «Комсомольская правда» газетым и корреспонденту Ворошиловград, Донецк областхэм щылажьэрт. ЩІэупщІэурэ, абы къыгурыІуащ Третьякевич пцІы тралъхьэу къыззрыщІэкІынр. Ар КГБ-м елъэІуащ щхэрылажьэу щыта комсомолецхэм я Іуэхум хагъэплъэну. ИпэІуэкІэ ар уигу къэбгъэкІыхэхэ хъунутэкъым, ауэ Хрущев и зэманым къезгъэшрт. Хуит ящІащ.

Костенкэ къигъэтащ зылъыхъуар: «ЩІэблэщІэ гвардием» и комиссару щытар Кошевой Олегкым, атІэ Третьякевич Викторщ. 1959 гъэм мэкъуауэгъэм и 25-м «Комсомольская правда» газетым къытехуащ «Апхуэдэзэуащ икІи ІапІэ «ЩІэблэщІэ гвардием» хэтахэр» тхыгъэр. И лъабжьэм щІэтт «Краснодон щэхурылажьэ комсомол организацэм теухуауэ щІэуэ къэтщІахэр» псалъэхэр.

Журналистым тхыгъэр къыщІедзэ Подтынный Василий и хъыбаркІэ. Дзэ Плъыжьым и лейтенанту щытам абы фашистхэм яхуэлажьэу щІидзащ. ЗанщІэу къулыкъукІи дэкІуеящ - Краснодар полицэм и унафэщІым и къуэдзэ хъуащ. «Подтынный къызэригъэпэщащ «ЩІэблэщІэ гвардием» хэтхэр яубыдыныр. Абы ахэр иубэрэжьыр, иукІыр», - итхырт Костенкэ.

Бзаджэнаджэм кьыхуэгъуакъым: зауэм и ужькІэ яубыдри яукІащ.

КъыкІэлъыкІуэу я журналистым етх: «Къьалэ полицэм и лэжьакІэхэр я гъусэу яубыда Кулешов жиІащ гупым щыщхэр зытар Третьякевичу - щаубэрэжьым ирадз удынхэр хуэхьакъым. Ар пцІыт икІи ипэжьыпІэкІэ епцІыжакІуэм зегъэзгъэпщкІуэжьым хуэгъэзэуи къыщІэкІынут. Ауэ «ЩІэблэщІэ гвардием» хэтхэм я щІэ-унэцІэхэр полицаи и лэжьакІэхэр ауэ жьжьэуи араккъым, атІэ нэгъуэщІ, Хэт атІэ гупыр зытар? Костенкэ Ким Іуэхугъуэ телъыджэ ди пащхьэ кърелъхьэ.

«Шахтэ №1-м и унафэщІым и деж. Сэ къызэгъуэтащ щэхурылажьэ организацэм и лъэужь. Абы и Іэтащхьэр къэсщІащи, зыпхузогъаззэ. Си фэлъэрым укъэкІуэну сынолъэІу. ИтІанэ псори щхьэтечу бжесІэнщ. СызыщІепсуэр: Чкаловым и уэрам, 12, фэтэр 11. ПсэупІэр зейр Громов Василий Григорий и хъурщ. Почепцов Геннадий». Шахтым и унафэщІым тхыгъэр полицэм Іэригъэхьащ. ЦІыхухэр куэду ягъэтІысу хуежьащ.

Почепцов щэхурылажьэхэм я гъусэу зы школ щеджащ. И адэнэпІэсым ипІащ. ЩІалэр «ЩІэблэщІэ гвардием» заншІэу хагъэхьащ. Къьалэнышхуэ и пщэ кьыдалъхьэртэкъым, ауэ псоми щыгъуазэт. ЕпцІыжакІуэ зыщІар и адэнэпІэсырыц: «Фыфейхэм ящІащу щы игъэтІысащ, уи дежи къэкІуэнущ», - жиІэри.

Мазэ нэхъ дэмыкІыу Костенкэ Ким къытригъэзащ «Ар лъэгуажьэмыщхьэу уважьым» тхыгъэр. Иджы ар зэрыщытэу зытеухуар Третьякевич Викторт: «А гупым игъэхьаэм куэд щыгъуазэщ, ауэ абы и ямпэ комиссару Третьякевич Виктор зэрыщытар зыщІэр машІэщ. Зыкъом дэкІа иужьщ «ЩІэблэщІэ гвардием» и унафэщІ Туркенич Иван и комиссар Кошевой Олег щыхьуар. Третьякевич Виктор кьалэн щащІащ Іуэхуэзр псынщІэу зэфІэзэыгъэкІ зауэлІ гупыр игъэлэжьэну».

Ти Іуэхуэм псалъэмакъыншхэ къикІащ. Журналистым папщІэ тхьэусыхащ. Уеблэмэ, губжащ Герасимовым и фильмым Кошевой Олег и ролыр щызыгъэзэщІа актер Иванов Владимири. Костенкэ Іуэхущ1апІэ куэдым ираджащ, арщхьэкІэ зэрагъэкъуэншэн ягъуэтакъым. Абы къыгъэлъэгуэхэр дэфтэрэмкІэ щІэтэбыдат.

ЕФИМОВ Сергей.
«Комсомольская правда»

● Гъэмахуэ

Мазэм мазэр кІэлъокІуэ

Уэшх щыІэну? Абы щхьэтечу зыри щыхьэт техъуэфынукъым

Урысейм и Гидрометцентрым щагъэхьэзыращ мэкъуауэгъэум къыщыщІэдзауэ фокІадэм нэсыху дунейм и щыткІэну зыхуагъэфащэр.

Сыту фІыт ар махуэ щхьэхуэхэм тещІыхьауэ синоптикхэм къахуэщІэу щытамэ: Москва бадзэуэгъуэм и 11-м хуабэр градус 27-м щынэсынущ, апхуэдэу щыщытКІэ, хьэщІэхэр дачэм ебгъэблагъэ хьунущ. ШыщхьэуІум и 2-м Анапэ уэшх къыщешхынущи, тенджыз Іуфэм дыщыкІуэну зэманыр дгъэІэпэчъэн хуейщ...

АРЩХЬЭКІЭ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, метеорологие щІэныгъэр иджыри абы нэсакъым. ЗэкІэ хуагъэфэщэф къудейщ. Гидрометцентрым и Іэщ1агъэлІхэм зи гугъу ящІыр гъэмахуэ мазищым дунейр нэхъ щыхуэбэну е щынэхъ щыІэтыІэну щІыналъэхэрщ. Апхуэдэу хущІэкъуащ уэлбанэрилэу е узгъуу щыщытыну щыІпІэхэри кьахутэну. Ар зытетщІыхьари а зэманым дэтхэнэ кьалэмэ илъэс къэс щыщІэ дуней щытыкІэрщ.

Гидрометцентрым дигу кьегъэкІыж апхуэдэ пІалъэ кІыхьым тещІыхьа прогнозым и процент 70 хуэдиз фІэкІа пэжу къызэрыщІэмыкІыр.

Зэм хуабащэу, зэми щыІэтыІэу щытынущ

Урысейм и дэтхэнэ щыпІи гъэмахуэр щыІэу щыщытынукъым, Дауи, Сочэрэ Архангельскрэ ар щызэхуэдэныгъкым. Дунейр щынэхъ хуэбэну жаІэ Урысейм и ипщэ лъэныкъуэмрэ Уралымрэ.

Ику ит температурэм и гугъу пщыІэ, абы укъигъэпщІынущ: зэм хуабащэу, зэми щыІэтыІэу щытынущ. Уэшхри аращ: зэм уэлбанэ кІыхьым диубыдынущ, зэми уафэм махуэ бжьыгъэкІэ пшэр къытехьэнукъым.

Мэкъуауэгъуэ: узгъуэм зыщыфхъунщ

Гъэмахуэм и пэщІэдзэр щыщыхьэбэну жаІэ Курск, Брянск, Смоленск, Воронеж, Тулэ областхэм. А щыІпІэхэм температурэр мардэм щыщхьэдэхынущ.

Владивостоки, Амур Іус Комсомольски, Хабаровски, Сахалини, апхуэдэу Якутием и ипщэ лъэныкъуэми мэкъуауэгъуэр узгъуу щыщытынущ.

Ищхъэрэ Уралым, Сыбырым и ищхъэрэ лъэныкъуэм, Мылыпъэ хым и Іуфэм (Ханты-Мансийскрэ Салехардрэ кьыщыщІэдзауэ Норильскрэ Туруханскрэ нэс) гъэмахуэм и ямпэ мазэм щыхуэр щыпІыщІэнукъым.

Уэшхым щІигъэнэнущ Уфаи, Екатеринбургри, Челябински, Иркутски, апхуэдэу Бурятиемрэ Якутиемрэ.

Бадзэуэгъуэ: гъущэу кІи мафІэсхэр къэхъункІэ шынагъуэу

Гъэмахуэр гъущэу щыщытынущ Курыт федеральнэ округым и ищхъэрэ лъэныкъуэм, Къуэзэпі Ищхъэрэ округым и щыналъэ псоми. Уэшх мащІэщ къыщешхынур Москварэ Санкт-Петербургрэ, Новгородрэ Петрозаводскрэ, Вологдэрэ Ярославлрэ, Кироврэ Сыктывкаррэ. Хадэ щыкІу зиІэхэм гугъу зрагъэхьу я щы Іыхьэхэр псыкІэ ягъэнщІын хуей хъунущ. Зи Іуэху къикІар зыгъэпсэкуГъуэ махуэхэм дунеяплъэ кІуэхэрщ: абыхэм зыри зэран яхуэхъунукъым.

Пэжщ, апхуэдэ щытыкІэм мафІэсхэр къишэнкІэ шынагъуэщ.

Уэшхыр апхуэдэу къащемэщІэкІынущ Якутием, Чукоткэм, Хабаровск крайм и ищхъэрэ лъэныкъуэм.

Егъэлеиуэ щыуэлбанэнущ Астраханрэ Къалмыкъымрэ - ди къэралым узгъуэм нэхъ ткІийуэ щиубыдыщІалъэхэм! Ар абыхэм щыпсэухэр зэмысэ Іуэхущ. Фигу къэзгъэкІыжьынщи, Астрахань илъэс къэс бадзэуэгъуэм уэшхыу къыщешхым и мардэр ику иту миллиметр 15, шыщхьэуІум - миллиметр 17 къудейщ. Москва зы жэщмахуэм апхуэдиз псыІагъэ къыщех къохьу. Хабаровск и дежкІэ а мардэр бадзэуэгъуэм миллиметри 144-м щынэс щыІэщ - Астрахань елъытауэ хуэдипщІкІэ нэхъыбэ!

Бадзэуэгъуэр псыІэу щыщытынущ Каспиемрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ. Уэшхэр нэсынкІэ хъунущ Краснодар крайм и курортхэми. Кърымым зыщыщІэзгъэпсэхунуэм ахэр яльэІэсыну къыщІэкІынукъым.

Псыгъэр щымащІэнукъым Байкали, Забайкальеми: Иркутск, Улан-Удэ, Чита. Апхуэдэ дыдэу Урал федеральнэ округым и ипщэ-къуэкІыпІэ лъэныкъуэми (Омск, Курган) псыІагъэр мардэм щыщхьэдэхынущ.

ЩыщхьэуІу: узгъуэм уэшхи

Гъэмахуэм и иужьрей мазэм псыІагъэ щІагъуэ къыщехынукъым Поволжьем, Кавказ Ищхъэрэм, Ипщэ федеральнэ округым и щыналъэ куэдым: Волгоград, Саратов, Астра-хань, Ставрополь, Дагъыстэным. А щыпІэхэм арыншами щыщхьэуІур илъэс хъэс щыкуабэщ, мы гъэм нэхъ хуабэж щыхьэунущ.

ЗыгъэпсэхуакІуэ кІуэнухэм я Іуэху къикІащ - тенджыз ФІыщІэм и Іуфэхэм щыгъуэщынущ. Кърымри аращ.

Гъэмахуэм и кІэухым уэшх куэду къыщешхынущ Урысейм и кьухьэпІэ лъэныкъуэм (Новгород, Псков, Брянск), апхуэдэу Амур областым.

СМИРНОВЭ Юлие.
«Комсомольская правда»

● Къуэкіыпіэ Жыжьэ

ЩІыналъэм зиужьынымкІэ щыІэ Іэмалхэр

Ди къэралым и экономикэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуищІыфынущ Іуэкъэпіэ Жыжьэм. Япэрауэ, ар ялэщІылъщ Азие-Хы Хуэм щІыналъэм и къэралхуэу зи зэфІэкІым зэпымыууэ зиІэтхэм: абыхэм ядэлэжьаным Урысейм и дежкІэ мыкъэнэщхэу иІэщ. Ауэ щыІэщ ди къэралым и фІамыщІ, гидротехникэ гъэтІылъыгъэхэм, мэзхэм я Іыхьэ щанэм нэсыр - налкъутхэм я процент 81-р, дыжьыным и процент 31-р, дыщэм и процент 37-р. Апхуэдэу къулейщ щыдагъэкІэ, газкІэ, уранкІэ, металл щІыугъэнэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ. Арщхьэкіэ а псоми къэралыр тэмэму ящІыгъэсыфынукъым щыналъэм гъэзгу зэпэщхэр щамыуэхэмэ.

«ІУЭХУ щыізэрахъэ Урысей» зэгуъэныгъэм и хъудамэм и унафэщІ Власов Кириллрэ кьелъытэ зэкІэ КъуэкІыпІэ Жыжьэм Урысейм и экономикэм хуищІ хэлъхьэныгъэр мащІэу. Ар зэлъытари къэралым и кум зэрыпэжыжьэм и закъуэкъым. Псом хэмыдэу зэран хъур гъэгугъэр къаззремыуэкІыщ. Абы къэщапщІэм и уасэр куэдкІэ дрегъэуей. КъуэкІыпІэ Жыжьэ федеральнэ округым зы щІыналъэ метр зэбгъуэзнатІэ миным автомобиль асфальт гъэгугу щыхуэзэр километри 5,3-рэ къудейщ. Абы щыгъэми, а бжьыгъэр ику иту Урысейм километр 31,7-рэ щохъу. ГъущІ гъуэгуэр пэлъэщыркъым хьэлъэу къраушэкІын хуейхэм я куэдагъым. Нэрылъагъуу яхуирикъуркъым хъумапІэхэмрэ гъэтІылъыпІэхэмрэ къыхэкІыу гъэгуэгъэ кІыкъэм техьэн хуей мэхъу. «Куэдрэ урохьэлІэ хьэлъэр КъуэкІыпІэ Жыжьэм ирашу Москва яшэу, ямпэу абы зыхуей щыхуагъаззрэ иужькІэ кьашзжу», - жеІэ Власов Кирилл. - Абы кьыдэкІуэуи гу лъыботэ тенджызэ кхъухь тедзапІэхэр щэщІауэ зэрымылажьэм. Псалъэм и хьэтыркІэ, абыхэм ялъэІэсыр Китайм кьрашу Урысейм кьашэм и процент 20-рщ. Адрейхэм щолэжь тенджызэ фІыщІэ, Балт кхъухь тедзапІэхэм».

Іэщ1агъэлІхэм ягъэбелджылащ щыналъэм зиужьынымкІэ щыІэ Іэмалхэр. Мыхьэнэ ин иІэщ Зарубинэ кхъухь тедзапІэ ин ихуэныем, абы егъэщІылІа щІыпІэхэр къэгъэІуРыщІэным. 2018 гъэм ирихьэлІэу Зарубинэ кьыщыщІэлухэн хуейщ гъавэ, контейнер хъумапІэхэр, нэгъэущІэхэр, псори зэхэту тонн мелуан 30 зи щыщагъэр. Абы егъэщІылІауэ Партизан щІыналъэм щахуэ щІыдагъэ-химие комплекс.

Зыщыгъэгъупщэн хуейкъым Транссибир, Байкал-Амур гъущІ гъуэгуэрэи егъэфІэкІуэн зэрыхуейри. КъуэкІыпІэ Жыжьэ федеральнэ округым и станцхэм псори зэхэту зы илъэсым хьэлъэу щралъхьэ тонн мелуани 110-115-рэ.Мыльку здэщІэ щІыпІэр автомобиль, гъущІ гъуэгуэрэм хуабжьу зэрыхуэныкъуэр белджылыщ икІи ахэр зэпэщу, иджырей зэманым къеззгъэІу щытпхъэщ.

ГРИГОРЬЕВ Леонид.
«Российская газета»

● Тхылъыщіэ

Иджыблагъэ Вэрокъуэ Владимир и тхылъыщІэ дунейм къытехьащ. Абы ит очеркхэр теухуащ Кавказым щыщ цІыху телъыджэхэм, хамэ къэрал щыпсэуа адыгэ цІэрыІуэхэм.

Ятыжын е ящэхужын

А тІум дялэкІэ хэдэн хуей хъунущ властыр зыІэщІэлъэхэр.

КЪУЛЫКЪУШХУЭ зыІыгъхэмрэ губернаторхэмрэ езыхэм кьыхуащІа тыгъэхэм я уасэкэр зыхуэдизымкІэ Кремлым хъыбар ирагъащІэкІэ Іуэхур зэфІэкІынукъым - абыхэм ахэр ятыжын хуей хъунущ. Кьызыхуагъэнэну хуитыр канцеляр хьэпшыпхэмрэ удэ гъэгъахэмрэ я закъуэщ. Апхуэдэ унафэм Іэ щІидзащ УФ-м и Президентым.

Зи гугъу ящІыр командировкэхэм щыІа е езыхэм я кьулыкъум екъэІуаэ зэІущІэхэм хэта иужь кьыхуащІ тыгъэхэрщ. Ятын хуейхэм хьихьэрхьым ягъэпажэкІэрэ кьулыкъущІэм кьыхуагъэфэща саугъэт зэмылІэужьыгъуэхэр. КьулыкъущІэм е губернаторым кьыхуащІа тыгъэр зытыжын хуейщ ар кьызэрыІэрыхьэрэ лэжьэгъуэ махуищ нэхъ нэхъыбэ дэмыкІыу. Мыбдежьым Іэ щытрадзэ зэрырат-зэрыІах тхьілъым. Хуейуэ щытмэ, тыгъэр кьащэхужь хъунущ ар кьызэрыІэрыхьэрэ мазитІ нэхъ нэхъ дэмыкІыу кьращэжыну лъаІуэу тхьілъ яритмэ.

ЛАТУХИНЭ Кирэ.
«Российская газета»

● Нартсанэ къалэ

И унэ къегъэзэж

Нобель и саугъэтым литературэмкІэ и лауреат, тхакІуэ цІэрыІуэ Солженицын Александр и сабиигъуэр щигъэкІуа Кисловодск къалэм абы и музей иджы дыдэ къыщызэІуахащ. Мы Іуэхум егъэщІылІа зэхьыхьэм щІидзэным зы сыхьэт иІэжу къалэм уэ зыщІэт уэшхыщхуэ къыщешхами, «Солженицыным и унэм» цІыху куэд дыдэ щызэхуэсат.

УРЫСЕЙ жылагъуэр илъэс 20-м нэс зыпэплъа гуфІэгъуэм къырихьэлІащ щэнхабзэм и лэжьакІуэ цІэрыІуэхэр. Абыхэм яхэтт режиссер икІи Къэрал Думэм и депутат Говорухин Станислав, Урысейм и цІыхубэ артист Филиппенко Александр, нэгъэущІэхэри.

- Сэ си фІэщ мэхъу мыбы нобэ кьыщыщІэхуэса псори Александр и ныбжьэгъу пэжу зэрыщытар. Абы лъагъуныгъэ мыкІуэщІ хуиІащ Урысейм, - «кьыхигъэщхьэхуКІащ тхакІуэм и щхьэгъусэ Солженицын Наталье. Абы Ставрополь крайм и властхэмрэ Щэнхабзэмкіэ министерствэмрэ фІыщІэ яхуищІащ музейр кьызэрызрагъэпэщамкІэ. Псом хуэмыдэу, Солженицынэ Наталье зэрыжиІащи, абы фІыщІэшхуэ хуещІ «2008 гъэм тхакІуэм и бэным кьызэрыбгъэдэкІыжу апхуэдэ музей кьызэІуахыну унафэ зыщІа Путин Владимир».

ЦІыхубэм игу къигъэкІыжащ абы щыгъуэм Президентым езыми и къуэхми зы псалъэ абы теухуауэ кьаззрыжримыІар, арщхьэкІэ Кисловодск музей къыщызэІуахыным икІи Солженицын Александр и цІэкІэ студент стипендие гъэувыным теуХуауэ унафэм етІуанэ махуэм газетхэм къызэрыщеджар.

ТхакІуэм и щхьэгъусэм жиІащ Солженицынхэ мы щІыналъэм къуэпскІэ зэрапыщІар: тхакІуэм и адэшхуитІри, езы Наталье и адэри Ставрополым къыщІалъхуащ.

ЕМЕЛЬЯНОВЭ Светланэ.
«Российская газета»

НапэкІуэцІкІэ зыгъэхъэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Сыт Конституцэм утету упсэуным къикIыр?

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и нэIэ щIэту Налшык къалэ щIыналъэ конференц щекIуэкIащ. «Конституцэм утету упсэуныр - пэжыгъэр уи гъуазэу щытыныращ» фIэщыгъэм щIэт зэхуэсым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щыщхэр, Мэздэгу къикIа хьащIэхэр, къэрал къулыкъущIапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лыкIуэхэр, студентхэр.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым къызэхуэсахэм гуапэу захуигъэзащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. Абы къыхигъащащ пэжыгъэр уи гъуазэу упсэуныр, цIыху напэм къезэгъым уфIэмыкIыныр нобэрей зэманым уиззэгъэныкIэ IэмалыфIу зэрыщытыр.

- ПIэщIыгъуэ бжыгъэ куэдым къыпхахри, адыгэм и псэукIэр зэрыгъэпса хабзэр ди нобэм къахьэсащ. А хабзэращ цIыхухэм я зэхуаку дэлъ зэрыльытэныгъэри, нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIаxэм пызыщIэ зэхущытыкIэ екIури зэтезыIыгъэр, адыгэм пщIэ къыщIыхуащI и щэнхэм ящIыщ зыуэ щытыр. Дэтхэнэ къэралыбзэ и хабзэ нэхъыщIхьэр Конституцэращ, абы къыдэкIуэу, адыгэм и хабзэращ и дуней тетыкIэм и лъабжьэ хъур. Ар яIэщIэмыхуу нобэм къахьэсащ хамэ къэрал 50-м щыIэзэбгрыпхъа ди къуэшхэм. Дэ ди къалэнщ ар къыдэкIуэтей щIэблэм ябгъэдэлъхьэжыну, - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Конференцым щIидзэн ипэ къыхуэу, къызэхуэсахэр еплъащ УФ-м Юстицэмкlэ и министру лжьа, ДАХ-м и тхьэмадэу щыта Къалмыкъ Юрий теухуа фильм кIэщIым.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Зумакулов Борис** псалъэ щратым къыхигъащащ хамэ къэрал куэдым ипхъа хуэ адыгэхэр зэшэлIэжыным, адыгэбзэр хъумэным ехьэлIауэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIыжкIыр. «Нобэ дызытепсэлъыхьыр къапщтэмэ, апхуэдизи илъэс зыуэуэ хамэщI щыпсэу, абы къыщалъхуа адыгэхэр я хэкум зэрыхуэпэжыр, мыбы къыззэрыхуэпабгъэр, я хабзэр, щэнхабзэр, бзэр хамэ щIыгу зэрыщащхъумар - а псори и щыхьэтщ пэжыгъэм, захуагъэм, хэкупсагъэм, хабзэм утету упсэуным. Адыгэм и тхьдэм урипльэмэ, абы-хэм къахэкIащ политик цIэрыIуэхэр, спортсмен екъэжьахэр, генералхэр, щIэныгъэлIхэр, нэгъуэщI куэди. Апхуэдэ цIэрыIуэгъэ ззэыгъэгъэуэтыфынур, дауи, къэрал хабзэм тет, лъэпкъ нэмыс зыхэлъ цIыхурщ.

УФ-м Юстицэмкlэ и министерствэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Абазэ Еленэ** къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ ди республикэм щылажьэ, фейдэ кьегъащIыным пымыщIа жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зыхуэдэм, ахэр хабзэм текI зэрымыхьунум. Къапщтэмэ, Абазэм зэрыжиIамкIэ, ди лъэхэм зэгухьэныгъэ 846-рэ щыIэщ. Абыхэм ящыщу 459-р жылагъуэ зэгухьэныгъэщ. А бжыгъэм хэтщ политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэу 48-рэ, 187-р - дин зэгухьэныгъэщ, къэзакъ зэгухьэныгъэу 16, нэгъуэщIу 184-рэ. Еленэ зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр къэралым зэрыщыграгъэтх щIыкIэм, нэхъыбэрэ зрихьэлIэ щыуагъэхэм, нэгъуэщIхэми.

ЦIыхум, лъэпкъ псом я ехъулIэныгъэмрэ зыужьныгъэмрэ Конституцэм, лъэпкъ хабзэм тету зэрыпсэуэм зэреплъытар къыхэщу къэпсэлъахэщ КъБР-м Граждан жылагъуэ Iэпхъуэ ядэлэжьэныкъэ лъэпкъ Iэхъуэхэмкlэ и управленэм и унафэщI **КIурашын Анзор**, Урысейм ЩIэныгъэхэмкlэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и тхьэмадэ **Иуан Петр**, КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI **Темыркъан Борис**, КъБР-м и Нотариальнэ палатэм и Iэтащхьэ **Целоусовэ Анусэ**, КъБР-м щыIэ Адыгэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр ззэыгъэуIу советым и тхьэмадэ **Къалмыкъ Жылзбий**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и лIыкIуэхэр, н.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтхэр **Холлаевэ Любэ** *трихащ.*

Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм IутIыж Борис и цIэр зезыхьэ и «Джэгуакlуэ» щIыхубэ литературэ театрыр щолажьэ Налшык къалэм и курыт еджапIэ №32-м. Артист ныбжьыщIэхэм ягъэлъэгъуащ илъэсым къриубыдэу зыхунэсахэр.

ЧХЕИДЗЕ Александр и «Свободная тема» пьесэм къытращIыкIа теплъэгъуэр, Лермонтов Михаил къызэралъхурэ илъэс 200 зэрырикъум и щIыхькIэ абы и «КIуэрыкIуэсэж» бгырыс хъыбарым къытращIыкIа спектаклыр, Щоджэнцыкlу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым щыщ монологыр (Пащ-кьэйр), Зощенко Михаил и «Актер» теплъэгъуэр артист ныбжьыщIэхэм ягъэзэщIащ. Удихьэхыу ягъэлъэгъуащ сабий тхакIуэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ Чуковский Корней и «Тараканище» тхыгъэм къытращIыкIа теплъэгъуэр. Ныбжьыщ1эхэр гъэхуауэ къеджащ, тхакIуэ, усакIуэ теплъыджэ Мэшбащ1э Исхьэкъ и усэхэм, Айтматов Чингиз и «Махуэм дунейр и кIыхьагъщ» тхыгъэм щыщ пычыгъуэм адыгэбзэкIэ къеджащ. Артист ныбжьыщIэхэу Темырчы Алинэ, Бзаугъ Данэ, КIэмыргуей Руслан, Щоджэн Алим, Гъубжокъуэ Алинэ, Къардэн Аминэ, Битокъу Къантемыр, Бырмамыт Данизэ, Энеевэ Анжеликэ, ПщIыкI Андемыркъан, Ефэнды Ариан, Мамхэгъ Адисэ, Бэлагъы Бэллэ сымэ я зэфIэкIым, я зыIыгъкIэ екIуэ, фащэхэмкIэ зэрызэпэщIым, адыгэбзэр дахэу зэрагъэбзэрабзэмрэ ягъэзащIэ ролхэр къаззэрыхуIэмрэ удамыхьэхын плъэкIыртэкъым.

Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм и унафэщIым и къуэдзэ ПщIыкI Анютэ жиIащ театрым и артист ныбжьыщIэхэр илъэсым кIриубыдэу зэрлэжьэхэр гунэс зэрагъэбзэрабзэмрэ, къэзэрехъулIар, IутIыж Борис и цIэр зезыхьэ цIыхубз литературэ театрым и фIыгъэкIэ гъуазджэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIын щIэблэ къызэрытщIэхьэгъэр. Абы «Джэгуакlуэ» студием и унафэщI ТхьэзэплъыжИслъам фIыщIэ хуищащ щIэблэм хабзэр, нэмысыр, бзэр нэхъ кууэ зэраригъащIэм, гупсысэфу зэригъэсэм, я къэухым, я зэхэщIыкIым зэрызригъэужьым, гуъазджэм и щэхухэр къаззрыхуэзIуихым папщIэ. Анютэ школым и унафэщI Блэнауэ Къаздэчи псалъэ гуапэ жриIащ. «Джэгуакlуэ» гупым зыкъыщагъэльэгъуэн утыкурэ щыгъэжьну пэшрэ зэрахухиам папщIэ. ПщIыкIым щIыхь тхылъыр зыхуагъэфэща артист ныбжьыщIэхэм яритыжащ.

КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ТхьэзэплъыжИслъам «Джэгуакlуэ» театр студиер къызэрыгъэригъэпэщащ мы гъэм илъэситху иро́къу. Абы дапщэри хуэдэу, гупсысэфу хуищащ щIэблэм хабзэ, нэмысыр, бзэр нэхъ кууэ зэрарригъащIэм, гупсысэфу зэрригъэсэм, я къэухым, я зэхэщIыкIым зэрызригъэужьым, гуъазджэм и щэхухэр къаззрыхуэзIуихым папщIэ. Анютэ школым и унафэщI Блэнауэ Къаздэчи псалъэ гуапэ жриIащ. «Джэгуакlуэ» гупым зыкъыщагъэльэгъуэн утыкурэ щыгъэжьну пэшрэ зэрахухиам папщIэ. ПщIыкIым щIыхь тхылъыр зыхуагъэфэща артист ныбжьыщIэхэм яритыжащ.

КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ТхьэзэплъыжИслъам «Джэгуакlуэ» театр студиер къызэрыгъэригъэпэщащ мы гъэм илъэситху иро́къу. Абы дапщэри хуэдэу, гупсысэфу хуищащ щIэблэм хабзэ, нэмысыр, бзэр нэхъ кууэ зэрарригъащIэм, гупсысэфу зэрригъэсэм, я къэухым, я зэхэщIыкIым зэрызригъэужьым, гуъазджэм и щэхухэр къаззрыхуэзIуихым папщIэ. Анютэ школым и унафэщI Блэнауэ Къаздэчи псалъэ гуапэ жриIащ. «Джэгуакlуэ» гупым зыкъыщагъэльэгъуэн утыкурэ щыгъэжьну пэшрэ зэрахухиам папщIэ. ПщIыкIым щIыхь тхылъыр зыхуагъэфэща артист ныбжьыщIэхэм яритыжащ.



● Гъуазджэ

Артист ныбжьыщIэхэм зыкъагъэлъагъуэ

● Хъуэхъу

Сэрмакъ къуажэм щыпсэу Быгуэхэ Абубэчырэ Хьэлимэтрэ зэрыззэпэсэурэ илъэс 45-рэ зэрырикъумкIэ, дохъуэхъу

ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ, хабзэрэ нэмысрэ щытепщэ, зи мафIэр мыуэжьых унагъуэ лъэщым фрихъумакIуэщи, фи жьэгур уардэ унэу, фи Iэнэр берытэту, хьащIэ етIысэхыпIэрэ унапIэ мазуэу, фызэкъуэту, фи бынхэм, абыхэм къащIэхъуэ фи щIэблэм я насыпым, ехъулIэныгъэхэм фригушхуэу куэдрэ дяпэ Тхьэм фригъэт. Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ фи Iэпэгъуу, илъэс 45-рэ хъуауэ фыкъызэдэгъэуэгрыкIуэри, фи пщIэр лъагэу гъащIэшхуэ къэвгъащIэну, псэр зыщIэхъуэпс, насыпу кьилъытэ псомкIи Тхьэр кьыфхуэупсэну ди гуапэщ.

Фи бынхэу Ларисэ, Людмилэ, Альберт, Анзор, Алим, фи пхъурылъхуИслъам, ныбжьэгъухэр, благъэхэр.

● ТхылъыщIэ

«Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ»

Араш зэреджэр «Этника - Т» тхылъ тедзапIэ-продюсер центрым иджыблагъэ къыщыдэкIа тхылъым. Дызэрыщыгъуазэщи, нарт хъыбархэр зиIэр адыгэхэм я закъуэкъым. Ахэр къадокIуэкI Кавказым щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэми. Мы тхылъым щызэхуэхьэсащ адыгэ, балъкъэр нарт эпосхэм хэт лIыкъуэжьхэм ятеуху хъыбархэр. Ахэр къыдэкIыгъуэм хуигъэхьэзыращ тхакIуэ Кузьмин Валентин.



ТХЫЛЪЫМ удихьэхыу къыщыдгъэлъэгъуэжащ нартхэм я дунейр. Абы щызэхуэхьэса хъыбархэм кьохощыж нартхэр сыт хуэдэ гугъуехьми пэщIэвэф, дахуэхам и къыщхьэщыжакIуэ, захуагъэм и телъхьэ, я лъэпкъэгъуэхэм я насыпым и бэнакIуэ лIыхъужь къэмылэнджэжхэу зэрыщытар.

«Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ» тхылъыр игъэщIэрэщIащ сурэтыщI Бгъэжьнокъуэ Заурбэч. Ар щIэщыгъуэ зыщI Iузхугъуэхэм ящыщщ «Лъэпкъхэм я унэ» цIэр зэрихьэу Москва дэт Iузхущ1апIэмрэ сурэтыщI-модельер ПIажь Альбинэ и фондымрэ зэгъусэу къызэрагъэпэща сурэтыщI гъуазджэмкIэ «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ» дунейпсо фестиваль-зэпеуэм щытекIуа ныбжьыщIэхэм я Iэдакъэщ1экIэр абы зэриухар.

«Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ» тхылъыр хагъэхьащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм еджакIуэхэм езыр-езыру яджьи хуейуэ къыгъэлъэгъуа, Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэм, щэнхабзэм теухуауэ къыхаха «Тхылъи 100»-м. Шэч хэмылъу, абы тхылъым и пщIэр къеIэт икIи къегъэлъагъуэ ныбжьыщIэхэм IуэрыIуатэр ящIэнымкIэ къыдэкIыгъуэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

ЩХЪЭЩЭМЫЩI Изэ.

● ДифI догъэлъапIэ

Щомахуэ Хьэсэнбий и уэрэдхэр

Тхыдэ дахэ зиIэ Зеикъуэ къуажэм республикэм хуэщхьэпэ цIыху куэд къыдэкIащ. Мы тхыгъэр зытеухуа усакIуэ, уэрэджыIакIуэ, макъамэхэр Щомахуэ Хьэсэнбий абыхэм ящыщ зыщ.

ЩОМАХУЭМ и сабиигъуэри и щIалэгъуэри тыншу щытакъым, гугъуехь куэд и нэгу щIэкIащ. Iыгъ-пощхьэпо Iэджэ къызэринэкIащ. Хьэсэнбий ящыщщ зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм илыпIащхэм, зи адэ зымылъэгъуахэм. Дауэ хъуами, ар ГъащIэм къызэфIигъэщIакъым.

1958 гъэм еянэ классыр къиухри, Налшык и педучилищэм щIэтIысхьащ. Хьэсэнбий ящыщщ зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм илыпIащхэм, зи адэ зымылъэгъуахэм. Дауэ хъуами, ар ГъащIэм къызэфIигъэщIакъым.

Пасэу щIидзащ усэхэр, уэрэдхэр итхын, макъамэ зэхилъхьэн. КъищынэмыщIауэ, адыгэ уэрэдыжьхэм зыщигъэгъуэзащ: Хьэсэнбий и усэхэмрэ уэрэдхэмрэ теухущ Хэкум, и лъэпкъэгъуэхэм, гъащIэм хуиI эхуиI лъэгъуныгъэм, щIэблэм, нэхъыжьыфIхэм, лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуГэм, хабзэ-нэмысым, щIыхуГэм...

Зэрылажьэм хуэдэурэ, Щомахуэм кьиухащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и къудамэр. Ар илъэс куэдкIэ курыт еджапIэм егъэджакIуэу щыIэжьащ, Зеикъуэ дэт Музыкэ школым и унафэщIу, телевидениэм и музыкальнэ редакторэу щытащ.

Уэрэдыфl куэд иIэщ Хьэсэнбий. Абыхэм ящыщхэр республикэм и радиомрэ телевидениэмкIэ къат, цIыхухэм фIыуэ ельэгъууэу дзапэ уэрэду жаIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и уэрэджыIакIуэ пажэжьэм ягъэзащIэ Хьэсэнбий и уэрэдхэр.

Щомахуэм и уэрэдхэр тхылъыплIым иту къыдэкIащ. Къапщтэмэ, ар илъэс щэ ныкъуэ щрикъуа, 1993 гъэм ирихьэлIэу къыдэкIа, «ЛъагэуныгГэм и макъамэ», уэрэдусыр илъэс блыщIрэ тхурэ щыхъум дунейм къытехьа, «Уи гум сыкъэгъэкI» тхылъхэм ихуа уэрэд щэ ныкъуэм щIигъум щыщыу плIыщIрэ тхум я псалъэхэри макъамэхэри езы Хьэсэнбий ейщ. Апхуэдэхэщ цIэрыIуэ хуа мы уэрэдхэр: «Си лъахэ, си уэрэд», «ЖыIэт, гъащIэ», «Адэхэр мэжей», «УмынэщхьеI», «КIыхьолъыхьуэ уэрэд», «ЛъагэуныгГэм и макъамэ», «Уэ иджыри жьы уэхуакъым, мамэ», «ЛъагэуныгГэм жаIэр къигъэзжу», «Сыкъэуымыщ1 нэщхьеI», «Уи гум сыкъэгъэкI», «Сытхэр уи псэукIэ?», «Сыноджкэ», нэгъуэщIхэри.

Хьэсэнбий и мащIэкъым цIыхухэм ягу дыхьа лъагэуныгГэ уэрэдхэри. «Уи нэхэр», «Сэ кIыхьоджэ псэ гуэр», «УогъэджэгУ уи нитIыр», «Хэту гIэрэ ар?», «Сыт зищIысыр лъагэуныгГэр?» жыхуиIэхэр зэрыуахъутыншэм шэч кьытесхьэркъым.

ЕРЖЫБ Аслъэн.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур мэкъуауэгъуэм и 6-рщ.

Мэкъуауэгъуэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

● Футбол

Урысей Федерацэм и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэ.

«А» гуп

ЩэщIрэ еплIанэ джэгугъуэ

Мэкъуауэгъуэм и 5

(мэрем)

«Черноморец» (Новороссийск) - «Динамо ГТС» (Ставрополь)

«IэфIыпс» (IэфIыпс) - МИТОС (Новочеркасск)

«Витязь» (Крымск) - «МэшыкIуэ-КМВ» (Псыхуабэ)

«Торпедо» (Армавир) - «Спартак-Налшык» (Налшык)

«Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - «Таганрог» (Таганрог)

«Дружба» (МейкIуапэ) - «Ангушт» (Нэзрэн)

Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионат

ЕпщыкIузанэ джэгугъуэ

Мэкъуауэгъуэм и 6

(щэбэт)

«Спартак-Д» (Налшык) - «Автозапчасть» (Бахъсэн)

«Нарт» (НарткIалэ) - «Велес» (Къэрэгъэш)

«ШэджэмI» (ШэджэмI етIуанэ) - «Щтауч» (Шэджэм)

«Къэбэрдей» (ШэрэджИщхьэрэ) - «Кэнжэ» (Кэнжэ)

Мэкъуауэгъуэм и 7

(тхьэмахуэ)

«Бахъсэн» (Бахъсэн) - «Псыгуэнсу» (Псыгуэнсу)

«ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Тэрч» (Тэрч)

«Бедик» (Арщыдан) - «Къэхъун» (Къэхъун)

«Союз» (Налшык) - «Родник» (Псынэдахэ)

ЕщыкIутIанэ джэгугъуэ

Мэкъуауэгъуэм и 13

(щэбэт)

«Автозапчасть» - «Къэбэрдей»

«Велес» - «Бедик»

«Родник» - «Щтауч»

«Тэрч» - «Спартак-Д»

Мэкъуауэгъуэм и 14

(тхьэмахуэ)

«Союз» - «Нарт»

«Кэнжэ» - «Бахъсэн»

«Псыгуэнсу» - «ШэджэмI»

«Къэхъун» - «ЛогоВАЗ»

ЕщыкIущанэ джэгугъуэ

Мэкъуауэгъуэм и 20

(щэбэт)

«Бахъсэн» - «Автозапчасть»

«Щтауч» - «Псыгуэнсу»

«ЛогоВАЗ» - «Велес»

«Бедик» - «Союз»

Мэкъуауэгъуэм и 21

(тхьэмахуэ)

«Нарт» - «Родник»

«Спартак-Д» - «Къэхъун»

«Къэбэрдей» - «Тэрч»

«ШэджэмI» - «Кэнжэ»

ЕщыкIуплIанэ джэгугъуэ

Мэкъуауэгъуэм и 27

(щэбэт)

«Автозапчасть» - «ШэджэмI»

«Къэхъун» - «Къэбэрдей»

«Кэнжэ» - «Щтауч»

«Союз» - «ЛогоВАЗ»

Мэкъуауэгъуэм и 28

(тхьэмахуэ)

«Нарт» - «Бедик»

«Велес» - «Спартак-Д»

«Тэрч» - «Бахъсэн»

«Родник» - «Псыгуэнсу»

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэкlемыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратэхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iэхъуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iэхъуэ1апIэхэм ядэлжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэкIаIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэхъущ1апIэм -42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iэхъугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуу зэпыту щытхьэм.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iэхъуэщ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.)*, ПхытIыкI Азэмэт *(1, 2-нэ нап.)*. *Корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Мырзэкъан ФатIимэ. *Компьютерклэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Маринэ, Мэзбахъуэ Анжелэ, Бецуо Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.367 ● Заказ №915